


**THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA**

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

**ROBERT W. RUNCIE**  
*Superintendent of Schools*
**The School Board of  
 Broward County, Florida**

 Abby M. Freedman, Chair  
 Nora Rupert, Vice Chair

 Robin Bartleman  
 Heather P. Brinkworth  
 Patricia Good  
 Donna P. Korn  
 Laurie Rich Levinson  
 Ann Murray  
 Dr. Rosalind Osgood

8 Me, 2017

Pou Paran:

Nan semenn ki sot pase-yo, plizyè medya sosyal ak laprès difize enfòmasyon sou tandans twoublan osijè sante mantal, blesi ak mal yon moun ka fè tèt-li ak sisid. Se seri pwogram Netflix *13 Reasons Why* ki mye espoze sityasyon-an. Seri pwogram-la fokis sou pwoblèm lavi yon jennfi konfwonte, epi nan yon moman trajik jennfi-a pran desizyon tiye tèt-li.

Apa seri pwogram Netflix, jwèt aksesib sou sit Entènèt ki sanble anmizan epi san danje, konsidere kounyea kòm aktivite prensipal ki lakòz elèv-yo angaje nan aktivite danjere ak/oswa aktivite mòtèl. Yon egzanp se *Blue Whale*, ke yo dekri kòm yon gwoup k'ap bay jenn-yo presyon epi ankouraje itilizatè sit-la eseye yon seri defi ki angaje toudwat nan konpòtman danjere pou fè tèt-yo mal.

Anpil paran pa okouran de popilarite seri pwogram Netflix-la ak popilarite jwèt ki aksesib an liy, oswa pa okouran ditou de konsekans negatif e potansyèl sou jenn-nou-yo epitou de desizyon jenn-yo pou angaje nan konpòtman si danjere. **Nou ankouraje-ou kontwole sa pitit-ou ap gade, siveye aktivite-li sou sit Entènèt epitou pale ak pitit-ou toulejou sou esperyans l ap fè.**

Edikasyon ak enfòmasyon se bagay enpòtan pou konpreyansyon devlopman sosyal e emosyonnel elèv-yo ak pèsepsyon-yo. Pwofesyonnel sante mantal disponib nan lekòl pitit-ou pou ba-ou konsèy – ak sipò pou pitit-ou, lè sa nesesè. Ou va jwenn anba lèt sa resous kominotè ki disponib.

Men resous-yo:

- Siy avètisman sisid – *Suicide warning signs* [youthsuicidewarningsigns.org/parents caregivers](http://youthsuicidewarningsigns.org/parents caregivers)
- Konsèy pou Paran – [http://afsp.org/wp-content/uploads/2017/05/TipsForParents\\_2017.pdf](http://afsp.org/wp-content/uploads/2017/05/TipsForParents_2017.pdf)
- Sant nasyonal pou Prevansyon sisid - *National Suicide Prevention Lifeline* – Telefòn 1-800-273-Talk
- Mesaj tèks nan ka kriz tape mo “Home” - *Crisis Text Line* – Text 741741, *text the word “Home”*
- Liy dirèk pou jwenn asistans lajounen kou lannwit- *24-Hour Helpline* – <http://211-broward.org/>
- Sévis pou jenn nan ka ijans - *Youth Emergency Services* – (954) 677-3113

Si ou kwè pitit-ou an danje, tanpri rele 911.

Mwen espere ak enfòmasyon-sa-a ou va rete enfòme epitou kominike ak pitit-ou antout senerite. Si ou bezwen plis asistans, kontakte depatman ***Student Support Initiatives Department*** Distri-**n nan nimewo 754-321-1660.**

Avèk respè,

Robert W. Runcie